

ABSTRAK

Melinda Yustiva Sumarra, 2017. Pola Kompetisi *Cerithidea cingulata* jeung *Telescopium sp* (gastropoda: Potamididae) Dumasar Jejeroan di Muhara Walungan Cipatireman Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Diaping ku H. Dadi Setia Adi, M.Sc., Ph.D. jeung Drs. Suhara, M.Pd.

Panalungtikan ngeunaan “Pola Kompetisi *Cerithidea cingulata* jeung *Telescopium sp* (gastropoda: Potamididae) Dumasar Jejero di Muhara Walungan Cipatireman Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya” tos dipigawé ping 16-19 Mei 2017. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyangkem informasi sacara kuantitatif ngeunaan pola kompetensi *Cerithidea cingulata* jeung *Telescopium sp* dumasar jejeroan di Muhara Walungan. Métonde panalungtikan nu digunakeun nya éta métonde deskriptif kalawan désain panalungtikan *belt transect* jeung téhnik ngumpulkeun data *hand sorting*. stasion panalungtikan kawengku ku 6 stasion kalawan 3 kuadrat kana Muhara Walungan Cipatireman kalawan ngumpulkeun data tilu kali di unggal stasion panalungtikan. Plot kuadrat nu dipaké legana 1m x 1m. Data nu dikumpulkeun nya éta data jumlah *Cerithidea cingulata* jeung *Telescopium sp* jeung data pangrojong lingkungan (suhu cai, pH, oksigen terlarut, salinitas jeung kadar material organik). Identifikasi sampel dipigawé di Laboratorium Biologi, FKIP Universitas Pasundan Bandung. Analisis data ngawengku pola kompetisi *Cerithidea cingulata* kalawan *Telescopium sp* dumasar jejeroan di Muhara Walungan. Hasil panalungtikan di Muhara Walungan némbongkeun yén jumlah spésiés *Cerithidea cingulata* leuwih dominan di sakabéh stasion jeung di sakabéh tingkat jero di Muhara Walungan dibandingkeun jeung spésiés *Telescopium sp*. Hasilna némbongkeun yén pola kompetisi dimeunangkeun ku spésiés *Cerithidea cingulata* kalawan babandingan di unggal jejeroan 10 cm nya éta 4,8 : 1, jejeroan 40 cm nya éta 20 : 1, jeung jejeroan 80 cm nya éta 5,3 : 1.

Kecap galeuh : Cipatireman, pola kompetisi, *Cerithidea cingulate*, *Telescopium sp*.